



# NÒM APRANTISAJ BAZ INIVÈSÈL

Depatman edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE) sèvi plis pase 1.1 milyon elèv ak fanmi nan plis pase 1,700 lekòl. Nou pran angajman pou bay paran ak fanmi enfòmasyon itil epi ofri yo divès opòtinite pou patisipe nan pwogram ak inisyativ lekòl Vil Nouyòk nou yo. Nou prepare rezime sa a pou eksplike sa Nòm Aprantisaj Baz Inivèsèl *Common Core Learning Standards*(CCLS) ye ak rapò yo genyen ak edikasyon pitit ou a.

## KISA COMMON CORE LEARNING STANDARDS YE?

Nòm aprantisaj yo dekri sa elèv yo ta dwe konnen ak sa yo ta dwe ka fè nan chak klas. Nan kèk ane k ap vini yo, Eta Nouyòk ak plis pase 40 lòt Eta nan peyi a ap fè tranzisyon nan yon nouvo seri nòm aprantisaj yo rele Baz Inivèsèl *Common Core*. Nouvo nòm sa yo eksplike klè sa elèv yo bezwen aprann chak ane pou yo ka gradye nan lekòl segondè tou prepare pou yo gen siksè nan kolèj ak nan karyè.

Edikatè ak lòt ekspè devlope *Common Core standards* yo dapre rechèch ak leson yo aprann apati peyi k ap bay bon rannman. Nòm yo dekri ladrès ak konesans elèv nou yo bezwen pou yo reyisi nan yon mond k ap chanje byen vit, tankou kapasite pou panse yon fason kreyatif, rezoud pwoblèm mond reyèl la, prezante bonjan agiman, epi fè deba.

Nan Eta Nouyòk, *Common Core* la gen ladan nòm pou elèv ki nan prematènèl rive 12yèm ane nan Konpozisyon anglè *English language arts* (ELA) ak Matematik. Nòm anglè a konsantre sou fòmasyon nan istwa, syans, ak matyè teknik yo—ki fè konnen ke pwofesè yo responsab pou aprann elèv yo li ak ekri *literacy*. Pandan lekòl yo ap aplike nouvo nòm sa yo, n ap mande elèv



yo pou yo ekri plis ak li plis tèks ki konplèks ki konsantre sou reyalyte *nonfiction*. Nan Matematik, elèv yo ap pran plis tan pou konprann konsèp anpwofondè, tabli rapò ant sijè ak ide prensipal konplèks atravè eksperyans pratik.

## KISA COMMON CORE LA VLE DI POU ELÈV VIL NOUYÒK?

*Common Core standards* yo ofri nou gwo opòtinite pou devlope kapasite panse kritik elèv. Ane sa a, pandan lekòl nou yo ap travay pou asire tout elèv travay nan nivo elve, elèv yo ap angaje nan nouvo nòm ki pi elve sa yo. Ane pase, tout elèv Vil Nouyòk te fè omwen yon pwojè *literacy* ak yon pwojè matematik ki konfòm ak *Common Core* la. Chak pwojè sa yo fè pati yon kourikoulòm ki pi gwo. Nan ane 2012-2013, tout elèv nan Vil Nouyòk ap aprann nan plizyè chapit kourikoulòm lan nan diferan matyè ki konfòm ak *Common Core* la.

Nan *literacy*, n ap mande elèv yo pou yo li ak analize yon tèks ekri ki reyèl, epi itilize prèv ki nan tèks la pou bay opinyon ak agiman kòm repons. Nan Matematik, elèv yo ap rezoud yon pwoblèm ki gen anpil difikilte dapre yon sitiyasyon nan mond reyèl la epi dekouvri rezonman an ki mache ak agiman yo pou jwenn yon solisyon. N ap prezante fonksyon ki konfòm ak *Common Core* yo sou divès fòm pou tout elèv ka gen aksè ladan yo, tankou elèv ki gen andikap ak elèv k ap aprann lang anglè *English language learners* (ELL). Ane pwochèn, lekòl yo ap travay pou yo adapte okonplè kourikoulòm *literacy* ak matematik la ak *Common Core*.

Lekòl Vil Nouyòk ap resevwa sipò pou yo kòmanse fè tranzisyon nan *Common Core* la. Gras ak trening ak resous sou entènèt, pwofesè yo ap konprann nouvo nòm yo pi byen epi adapte pratik salklas yo pou asire tout elèv sou chemen pou kolèj ak akryè.



## KI CHANJMAN Y AP FÈ NAN EGZAMEN ETA NOUYÒK YO POU YO VIN GEN COMMON CORE LA?


Chak ane, elèv klas 3yèm rive 8yèm ane pran egzamen Eta Nouyòk nan anglè ak Matematik pou montre yo metrize nòm Eta a. Apati ane akademik 2012–13 la, egzamen sa yo ap evalye pèfòmans elèv dapre *Common Core* yo. Egzamen pou elèv lekòl segondè yo pral kòmanse chanje nan ane lekòl 2012-2013 la

Rive ane ane akademik 2014–15 la, egzamen Eta a ap parèt diferan anpil ap egzamen elèv yo ap pran kounye a. Nouyòk ap travay ak yon gwoup 23 lòt Eta pou devlope egzamen ki oblije elèv pou montre sa yo konnen ak kapasite yo atravè yon nouvo seri kesyon ke yo rele travay pèfòmans *performance task*. Olye pou yo nwasi tiboul pou reponn kesyon chwa miltip yo, y ap mande elèv yo pou montre yo konprann konsèp yo te aprann yo ak pou aplike yo—souvan nan sityasyon ki pa kouran ak nan sityasyon mond reyèl. *Performance tasks* yo ap egzije pou elèv yo panse yon fason kritik pandan y ap angaje nan pwojè redaksyon pwolonje ak rezoud pwoblèm ki gen plizyè etap.

Men yon egzanz *performance task* ann anglè:

### The Straw and the Juice Box

A company that sells juice in small cartons like the one shown below has a problem. The straight straw attached to the outside of each carton keeps getting lost inside.



Use mathematics to explore and describe the nature and cause of the problem faced by the company.

Investigate how the problem could be fixed.

Create a report for the company describing as many different solutions to the straw-and-juice-box problem as possible.

© Ann Shannon & Associates

Se règleman Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE) pou l pa fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè po, rejlijyon, peyi orijin yon moun, sityasyon sitwayènte/immigrasyon yon moun, laj, andikap, sityasyon de moun k ap viv nan kay kòm yon koup, sèks, oryantasyon seksyèl oubyen fason moun idantifye oswa ekspriye sèks yo, nan pwogram edikasyon li yo ak nan aktivite l yo, epi pou l tabli yon anvivonman kote pa gen arasman seksyèl, jan lalwa mande l.

## KÒMAN MWEN KA SIPÒTE COMMON KÒMAN MWEN KA SIPOTE CORE STANDARDS YO LAKAY MWEN?

Pwogrè elèv se yon priyorite pwofesè, direktè ak fanmi pataje. Nou pral travay ansam kòm yon Vil pandan plizyè pwochen ane yo pou ede tout elèv metrize *Common Core standards* yo. Opinyon w ak sipò w pral enpòtan anpil pou nou ka gen sikè.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou *Common Core* nan lekòl Vil Nouyòk ak kòman ou ka sipòte pitit ou a lakay, mande pwofesè pitit ou a oswa vizite bibliyotèk *Common Core* nou an nan <http://schools.nyc.gov/Academics/CommonCoreLibrary/FamilyResources>.

## ENFÒME PLIS

- Pou w antre nan Link ARIS pou Paran an, al sou sit—: <https://arisparentlink.org/parentlink>.
- Pran kopi Gid Fanmi Vil Nouyòk ou a epi aprann konsèy itil pou kenbe pitit ou a sou wout sikè—ale nan: <http://schools.nyc.gov/ParentsFamilies>.
- Enfòme sou Nòm Common Core yo onivo nasyonal- Ale sou <http://corestandards.org>
- Pale ak lòt paran sou nouvo nòm pou ansèyman ak aprantisaj yo.
- Gade Gid nasyonal paran PTA pou sikè elèv —ale nan: <http://www.pta.org/4446.htm>.
- Enfòme plis sou vizyon Depatman an pou elèv ak lekòl lè w li *Raising the Bar for Students and Schools: Angajman nou pou aksyon*-Ale sou: <http://schools.nyc.gov>